



Pou Piblikasyon Imedyat: 1ye novanm 2011

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA POU BAY PLIS PWOTEKSYON SWEN SANTE POU TRETMAN SERI TWOUB OTIS

Nouvo Lwa a ap Egzije Konpayi Asirans Sante yo pou yo Bay Pwoteksyon pou Twoub Otis

Aswè a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen yon lwa k ap egzije konpayi asirans sante yo pou yo ofri pwoteksyon pou dyagnostik ak tretman seri twoub otis.

Lwa a pral ede fanmi yo jwenn mwayen pou peye frè swen sante chè ki asosye avèk tretman manm fanmi yo ki gen twoub otis. Dapre nouvo lwa a, konpayi asirans yo pral gen obligasyon pou ofri pwoteksyon pou tretman seri twoub otis, menmsi pwoteksyon an ka depannde franchiz, kopeman, ak ko-asirans ki konfòm avèk sa ki enpoze sou lòt avantaj yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Pwojè-lwa sa a pral ede anpil ak yon pakèt fanmi nan New York k ap debat pou jwenn bon jan swen pou manm fanmi yo ki gen seri twoub otis. Lè yon moun gen otis, li enpòtan pou yo dekouvri li epi trete li bonè, epitou pa gen eskiz si pwoblèm lajan ta bloke yon avni ki sèten pou ki gen twoub sa a. Pwojè-lwa sa a louvri pòt pou fanmi k ap chèche tretman bonè ak pi bon rezilta. Mwen di Senatè Fuschillo ak Manm Asanble Morelle mèsè poutèt yo sipòte lwa sa a ki te tèlman nesèsè.”

Anvan sa a, lwa eta a te sèlman egzije pou pwoteksyon asirans lan pa eskli dyagnostik ak tretman twoub otis. Alòske kèk konpayi asirans ofri pwoteksyon avèk limit pou tretman ASD, tankou vitamin oswa ègoterapet, pifò pa ofri pwoteksyon pou tretman yo kwè ki pa nesèsè sou plan medikal. Fanmi yo te gen mwens chwa men yo te dwe fè depans konplemantè pou tretman ki nesèsè, epi pafwa depans yo pi plis pase \$50.000 chak ane. Anpil fanmi pa kapab jwenn mwayen pou peye pou tretman san yon difikilte ekonomik grav, epitou yo ka gen pou renonse premye tretman efikas ASD pou pitit yo.

Avèk siyati lwa jodi a, New York se ventnevyèm eta ki egzije pwoteksyon asirans sante pou eta sante ki asosye avèk seri twoub otis. Menm jan avèk lòt eta yo, lwa sa a ap peye frè sèvis yo chak ane. Lwa a ap anvigè yon ane apre piblikasyon li nan dat 1ye novanm 2012, epitou l ap aplike sou kontra asirans yo bay oswa ki renouvle apre dat sa a.

Seri twoub otis se yon gwoup maladi sèvo ki konplèks k ap devlope san rete epi ki vini souvan avèk difikilte nan entè-aksyon sosyal, twoub nan komunikasyon, ak modèl konpòtman ki repete. ASD parèt souvan sou youn nan 110 timoun ki nan tout ras, gwoup etnik oswa gwoup sosyal, epi etid yo montre li kat (4) fwa plis chans pou parèt sou ti gason pase ti fi. Si yo dekouvri ASD yo

bonè, epi si yo fè entèkansyon ki kòrèk sa ka pèmèt yo jwenn pi bon rezilta nan fonksyònman. Nan New York, yo te idantifye apeprè 30 000 moun ki gen yon ASD san yo poko gen laj 19 ane.

Eta New York ofri yon kantite sèvis ak sipò pou moun ki gen ASD ak lòt andikap nan devlopman, tankou Pwogram Entèkansyon Bonè Depatman Sante, sèvis edikasyon espesyal nan lekòl matènèl ak sèvis edikasyon pou timoun lekòl anba sipèvizyon Depatman Edikasyon Eta a, ak yon “Autism Platform” yo bay nan Biwo pou Moun ki Gen Andikap Devlopman ki ofri sèten sèvis ak sipò pou moun ki gen ASD. Pifò nan sèvis yo se sèvis Medicaid finanse, epi yo ofri sèvis yo nan tèt ansanm avèk yon plan sèvis ki adapte pou chak moun apa.

Dirijan Majorite Sena a, Dean G. Skelos, di konsa, “Yon pakèt ak anpil moun k ap viv toupatou nan eta a gen pou swa chwazi bon kalite swen pou timoun ak adilt ki gen otis, oswa mete sityasyon finans yo an danje. Pwojè-lwa sa a pral ba yo mwayen pou jwenn zouti yo pwouve ki fè yon diferans nan lavi yon moun ki gen otis. Mwen di Senatè Fuschillo ak Senatè McDonald mèsì pou kalite dirijan yo, epitou mwen bat bravo pou Gouvènè a poutèt li fè yon sèl avèk nou pou reyalize sa.”

Pòtpawòl Asanble a, Sheldon Silver, di konsa, “Yon gouvènman ki pran desizyon pou asire yon avni sèten pou timoun ak adilt ki frajil - sitou nan moman difisil sa yo – se yon gouvènman ki gen priyorite li yo annòd. Mwen di Gouvènè a mèsì poutèt li ap defann moun k ap souffri avèk Seri Twoub Otis, ak pou fanmi k ap debat pou bay moun sa yo pi bon swen ki posib; epitou mwen di mèsì pou kòlèg mwen, Manm Asanble Joe Morelle, pou kalite dirijan li ak efò san pran souf li pou ede fè sa posib jodi a.”

Senatè Charles J. Fuschillo, Jr. di konsa, “Jodi a se yon gwo jou pou moun ki gen otis yo. Pandan plizyè ane, fanmi yo t ap batay pou yo jwenn pwoteksyon tretman pou moun yo renmen yo. Nouvo lwa sa a pral bay moun gen otis yo opòtinite pou resevwa tretman ak terapi yo bezwen san yo pa fòse peye yon pakèt ak anpil lajan nan pòch yo chak jou. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsì poutèt li siyen lwa sa a ki pral pote gwo amelyorasyon nan lavi chak fanmi New York ki afekte nan otis.”

Senatè Roy J. McDonald di konsa, “Otis deklanche rapid pou rive nan nivo epidemi avèk ritm dyagnostik ki monte nan yon nivo ekstrawòdinè. Sa a se yon pwoblèm sante mantal ki pral vin pi grav anvan li vin pi bon, epi lwa sa a ap ede vrè moun yo ak fanmi yo. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsì pou kalite dirijan li, epi poutèt li sipòte pwojè-lwa sa a, ansanm avèk kòlèg mwen yo na Sena a ak Asanble a ki te sipòte lwa sa a.”

Manm Asanble Joseph Morelle, di konsa, “Avèk lwa sa a Gouvènè Cuomo siyen jodi a, fanmi yo p ap gen pou deside ankò swa pou peye lajan pou swen sante pou yon timoun oswa pou peye edikasyon pou yon lòt timoun nan kolèj. Avèk lwa sa a, New York montre nou rete yon eta k ap chèche tout moun, sitou moun ki gen difikilte san yo pa lakòz. Mwen di Gouvènè a mèsì pou kalite dirijan li ak atansyon li pou pwoblèm sa a, epitou mwen bat bravo pou kòlèg mwen yo nan lejislati a ki adopte pwojè-lwa enpòtan sa a.”

Dr. Nirav Shah, Manm Komisyon Depatman Sante di konsa, “Lè yo dekouvri pasyan yo gen seri twoub otis bonè, epi lè pasyan yo swiv bon pwogram tretman, sa gen montre kijan yo vin fonksyone pi byen, epitou sa ap bay yon avni pi estab pou timoun yo ak pou fanmi yo. Mwen di

mèsi ak bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak Lejislati a poutèt yo travay ansanm pou adopte lwa sa a ki pral ede fanmi ki toupatou nan New York metrize difikilte twoub seri otis yo.”

Courtney Burke, Manm Komisyon Biwo pou Moun ki Gen Andikap nan Devlopman, di konsa “Mwen pa kapab ensiste ase sou enpòtans dyagnostik ak tretman seri twoub otis bonè (ASD). Men, anpil fanmi te dwe abandone entèvansyon bonè a akòz pwoblèm ekonomik. Avèk lwa sa a ki siyen an, moun k ap pran swen timoun yo kapab kontinye defann ak sipòte pitit yo lè yo dekouvri timoun yo gen otis, epitou moun k ap pran swen timoun yo pa gen pou enkyete pou pwoblèm lajan ki asosye avèk sèvis ki nesèsè yo. Jodi a, yo dekouvri fanmi 24 000 sitwayen Eta New York gen yon ASD, epi moun sa yo ap resevwa sèvis nan OPWDD, fè yon sèl ak mwen pou bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak desizyon li pran pou siyen pwojè-lwa enpòtan sa a.”

John B. King, Jr., Manm Komisyon Edikasyon Eta a, di konsa, “Batay avèk otis la di ase pou fanmi yo. Yo pa ta dwe fòse fanmi sa yo pou yo swa chwazi yon pakèt bòdwo medikal oswa pran reta nan bay swen pou pitit yo. Epi dyagnostik bonè ak egzat enpòtan pou tretman alontèm ki efikas. Gen kèk bagay ki se senpleman bagay ki kòrèk pou fè. Nouvo lwa sa a se youn ladan yo. Gouvènè ak Lejislati a retire yon kokennchenn chay sou do yon pakèt ak anpil paran New York ki gen timoun k ap souffri avèk seri twoub otis.”

Bob Wright, Ko-Fondatè Autism Speaks, di konsa, “Autism Speaks di Gouvènè Cuomo mèsi pou sajès ak kouraj li gen pou sipòte fanmi k ap debat avèk otis la. Nou bat bravo pou volonte Gouvènè a genyen pou travay avèk nou ak chanpyon nou yo, Manm Asanble Joe Morelle ak Senatè Chuck Fuschillo, pou kreye youn nan lwa sou refòm asirans otis ki pi enpòtan nan peyi a. Jodi a New York vin 29^{yèm} eta ki adopte refòm nan, pou fè pati gwo majorite eta ki konsidere fanmi yo anvan.”

Mark Roithmayr, Prezidan Autism Speaks, di konsa, “Kèk nan fanmi New York ki deja nan pwoblèm ekonomik akòz resesyon an, ap peye yon pakèt ak anpil lajan nan pòch yo chak ane pou bay pitit yo swen avèk terapi yo bezwen ak merite. Non sèlman lejislasyon enpòtan sa a pral korije sa ki pa bon, men tou l ap ede kontribiyab eta sa a ekonomize lajan ki ka rive a 13 milyon dola nan edikasyon espesyal, depans Medicaid ak sèvis sosyal ap fè nan pwochen sis (6) ane yo. Sa a se yon bon jou pou tout Nouyòkè yo.”

Paul A. Hamlin, MD, Prezidan Medical Society of the State of New York, di konsa, “Sou non manm doktè Medical Society of the State of New York, siyati pwojè-lwa sa a se yon kokennchenn evènman. Mezi a pral ogmante pwoteksyon asirans sante pou depistaj, dyagnostik, ak tretman seri twoub otis. Souvan pasyan yo pa jwenn ase tretman ki ka nesèsè anplis sa yo prevwa yon plan ki adapte pou chak fanmi, plan edikasyon, oswa plan sèvis. Nou bat bravo pou Gouvènè Cuomo, pou Senatè Fuschillo ak pou Manm Asanble Morelle pou prevwayans yo nan defann lwa sa a ki pral bay asirans egalego pou fasilite dyagnostik ak tretman pou moun ki gen otis, epitou ki pral pèmèt gen pi bon rezilta sante alontèm.”

Patricia Schissel, LMSW, Direktè Egzekitif Asperger Syndrome and High Functioning Autism Association (AHA), di konsa, “Jodi a, siyati lwa sa a retire yon gwo chay sou do fanmi nan New York ki dwe pran swen moun ki gen otis. Lè lwa a egzije pou konpayi asirans sante yo bay pwoteksyon pou dyagnostik ak tretman otis, fanmi yo kapab kounye a dekouvri otis fasil sou moun yo, epitou yo kapab kòmanse tretman ki nesèsè a san pèdi tan. Mwen bat bravo pou

Gouvènè Cuomo ak Sipòtè Senatè Fuschillo ak Manm Asanble Morelle pou travay yo nan adopsyon lwa sa a.”

Elie Ward, Direktè Policy & Advocacy, American Academy of Pediatrics, Distri II, NYS, di konsa, “Lè fanmi yo gen yon timoun yo dekouvri ki gen otis sa kapab kreye gwo pwoblèm finansye pou fanmi sa yo ki deja ap debat avèk konsekans sityasyon ekonomik lan, epitou sa lakòz pwoblèm emosyonèl/sosyal yo vin pi grav lè yo gen pou pran swen yon timoun ki gen yon maladi kwonik. San kalite pwoteksyon swen sante lwa sa a egzije a, fanmi sa yo souvan gen sèl chwa pou abandone tretman yo. Akòz chwa sevè sa a, timoun yo rete menm pi lwen dèyè kamarad klas yo, epi yo pran plis sèvis san rete. Lè Gouvènè Cuomo egzije konpayi asirans sante yo pou peye pou dyagnostik ak tretman otis ak seri twoub otis, li asire anpil ak pakèt timoun ki afekte nan New York yo jwenn bon jan swe ak yon pi bon chans pou devlope tout posiblite yo genyen. Plis pase senk (5) mil pedyat nan New York ap di mèsè ak tout kè yo pou Manm Asanble Morelle ak Senatè Fuschillo ak anpil kòlèg nou yo poutèt yo pase lwa sa a nan lejislati a. Epitou nou di Gouvènè Cuomo mèsè poutèt li siyen lwa a.”

Anita Altman, Direktè Adjwen pou UJA-Federation of New York, di konsa, “Pandan lontan, fanmi k ap edike timoun ki gen otis te gen twòp chay sou do yo akòz gwo depans yo fè avèk lajan nan pòch yo pou tretman twoub otis. Epi pou fanmi ki pa kapab jwenn mwayen pou peye pou tretman an, pitit yo rete avèk menm plis yon dezavantaj sou plan akademik ak sou plan sosyal. Egzijans ki genyen pou konpayi asirans sante yo peye frè sa yo pral chanje lavi fanmi sa yo, epitou mwen di Gouvènè Cuomo mèsè poutèt li siyen pwojè-lwa sa a pou fè li vin yon lwa.”

Katie Weisman, Sekretè Autism Action Network, di konsa, “Fanmi mwen ak mwen te soulaje anpil lè yo te adopte pwojè-lwa sa a nan lejislati a, epitou mwen pa ka pi kontan pase sa poutèt Gouvènè a siyen li jodi a. Mwen ta renmen di mèsè pou Senatè Fuschillo, Manm Asanble Morelle ak tout sipòtè ki te travay sou mezi lejislatif sa a. Lwa sa a pral rekonèt otis kòm yon kondisyon medikal pa senpleman kòm yon kondisyon sikyat. Mwen te wè kijan tretman an kapab efikas anvan. Pitit mwen yo te grandi anpil nan tretman medikal ak nan sipò edikasyonèl san pran souf. Li enpòtan pou tout moun ak fanmi ki afekte nan otis kapab jwenn mwayen pou peye pou swen sante yo bezwen toutbon. Nou pa kapab ap ekonomize lajan sou yon bagay ki gen menm enpòtans avèk amelyorasyon kalite lavi alontèm. Nouvo lwa sa a ta dwe kreye chimen pou fanmi ki gen moun yo renmen ki afekte nan otis.”

Susan Hyman, MD, Pwofesè Asosye Pediatrics and Division Chief of Neurodevelopmental and Behavioral Pediatrics nan Golisano Children's Hospital, University of Rochester Medical Center, di konsa, “Nan ekonomi jodi a, lè yon fanmi gen yon timoun yo dekouvri ki gen otis sa kapab reprezante yon gwo difikilte finansye pou fanmi an ki deja gen pwoblèm bidjè. Gouvènè Cuomo asire ap gen ranbousman laj ki fèt pou bon jan swen medikal ak swen pou konpòtman pou 1 sou 110 timoun ak jèn moun ki nan New York epi ki gen otis. Pou fè sa, Gouvènè a egzije konpayi asirans yo pou peye pou dyagnostik ak tretman twoub newo-devlopman sa a. Mwen ta renmen pèsònèlman di mèsè pou Manm Asanble Morelle ak Senatè Fuschillo poutèt yo fè lwa pase nan lejislati a.”

Stephen Sulkes, MD, Pwofesè Pediatrics nan Golisano Children's Hospital ak Direktè Strong Center for Developmental Disabilities, di konsa, “Seri twoub otis gen gwo konsekans sou lavi anpil ak yon pakèt Nouyòkè, zanmi yo, ak manm fanmi yo. Jodi a, prèv sipò Gouvènè Cuomo montre pou moun ki afekte nan ASD pwouve gouvènman eta a kanpe bòkote yo. Mwen di

Gouvènè a mèsì poutèt li siyen pwojè-lwa a pou fè li vin yon lwa, epitou poutèt li t ap travay pou diminye difikilte ki gen nan ASD lè li egzije konpayi asirans yo pou peye tretman ak dyagnostik kondisyon medikal sa a.”

Paige Pierce, Direktè Egzekitif Families Together in New York State ak prezidan Konsèy Administrasyon Autism Society of the Greater Capital Region, di konsa, “Mwen felisite New York poutèt li vin dènye eta ki adopte Pwojè-Lwa sou Otis (Autism Bill), ki egzije konpayi asirans yo pou bay pwoteksyon pou trete moun ki Seri Twoub Otis. Pwojè-lwa sa a montre kijan eta a konprann enpòtans swen ak tretman konplè ak bonè pou timoun nou yo. Antan yon paran yon jèn gason ki gen ASD ak ko-prezidan Timothy's Law Campaign, mwen konnen pèsònèlman difikilte fanmi yo te jwenn lontan. Mwen di mèsì pou Gouvènè Cuomo, Senatè Fuschillo ak Manm Asanble Morelle pou plis kalite dirijan ak angajman yo pran pou timoun nou yo ak fanmi yo.”

Jan Campito, Vis-Prezidan Autism Society of the Greater Capital Region, di konsa, “Gouvènè Cuomo fè amelyorasyon swen sante ak konsekans finansye li sou New York ak elektè yo vin yon priyorite pou li depi lè li te pran fonksyon an. Lwa sa a li siyen jodi a se yon egzanz angajman li pran pou gen plis swen sante pou fanmi ki gen bezwen espesyal yo. Nouvo lwa a se yon gwo nouvèl pou timoun nou yo ak fanmi ki te gen pou fè gwo sakrifis pou jwenn gwo lajan pou peye pou tretman yo, epitou mwen bat bravo pou Gouvènè a, Senatè Fuschillo ak Manm Asanble Morelle pou travay di yo.”

Michael Smith, Vis-Prezidan Foundation for Autism Information and Research, Inc., di konsa, “Siyati pwojè-lwa sa a se yon kokennchenn siksè pou anpil ak yon pakèt Nouyòkè ki afekte dirèkteman nan otis, ak pou fanmi yo. Gouvènè Cuomo, ansanm avèk Senatè Fuschillo ak Manm Asanble Morelle ak Lejislati Eta a, asire founisè swen sante yo ap satisfè obligasyon yo, epi yo p ap egzije fanmi yo pou yo peye gwo lajan pou tretman ak swen chè sa yo. Pwojè-lwa sa a se yon pa annavan ki fèt, men gen anpil travay ki dwe fèt toujou pou metrize difikilte yo nan pwoteksyon asirans pou fanmi yo. Epidemi otis ap kontinye rete yon gwo priyorite nan Lejislati Eta a.”

Sarah Milko, Prezidan Upstate New York Families for Effective Autism Treatment, di konsa, “Nan ekonomi jodi a, lè yo dekouvri yon timoun gen otis sa kapab reprezante yon gwo difikilte finansye pou yon fanmi ki deja gen pwoblèm bidjè. Epi si fanmi sa yo vin gen sèl chwa pou abandone tretman yo, pitit yo ap rete menm pi lwen dèyè kamarad klas yo. Lè Gouvènè Cuomo egzije konpayi asirans sante yo pou peye pou dyagnostik ak tretman twoub otis la, li asire anpil ak yon pakèt timoun ki afekte nan New York yo resevwa bon jan swen. Mwen di Manm Asanble Morelle ak Senatè Fuschillo mèsì poutèt yo fè lwa pase nan lejislati a.”

###

*W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418*